

Asistans pou Bezwèn ki Enpòtan Anpil yo

Release Date: Sep 4, 2023

FEMA kapab founi asistans finansye bay moun ki aplike pou Siklòn Idalia ki gen bezwen ann ijans oswa ki enpòtan anpil paske yo te deplase kite lojman prensipal yo.

Bezwèn ann ijans oswa ki enpòtan anpil yo se atik ki kapab sove lavi ak kenbe lavi moun, w ap jwenn dlo, manje, premye swen, preskripsyon, lèt fomila, daypè, bagay medikal ki konsomab, ekipman medikal dirab, atik pou iijyèn pèsonèl ak gaz pou transpò.

Asistans pou Bezwèn ki Enpòtan Anpil yo se sèlman \$700 y ap bay nan chak kay.

Moun ki aplike yo kapab kalifye pou Asistans pou Bezwèn ki Enpòtan Anpil yo si yo:

- Ranpli yon aplikasyon FEMA
- Bay yon verifikasyon idante
- Mete nan aplikasyon an yo gen bezwen ki enpòtan anpil ak mande pou asiste yo finansyèman.
- Gen yon rezidans prensipal avan katastwòf la ki nan zòn kote yo bay Asistans pou Bezwèn ki Enpòtan Anpil yo. Nan Florida, w ap jwenn moun ki abite nan konte [Citrus](#), [Columbia](#), [Dixie](#), [Gilchrist](#), [Hamilton](#), [Hernando](#), [Jefferson](#), [Lafayette](#), [Levy](#), [Madison](#), [Pasco](#), [Pinellas](#), [Suwannee](#) ak [Taylor](#) yo .
- Sivivan ki aplike pou FEMA kapab kalifye tou pou lòt fòm asistans federal apre Asistans pou Bezwèn ki Enpòtan Anpil yo.

Kijan pou w Aplike pou Asistans FEMA an

Gen plizyè fason pou ou aplike: Ale sou entènèt la sou [DisasterAssistance.gov](#), telechaje [FEMA App](#) pou aparèy mobil yo oswa rele liy gratis la nan 800-621-3362. Liy yo ouvè chak jou soti nan 7 a.m. jiska 11 p.m. Gen èd ki disponib nan plizyè lang. Pou gade yon video aksesib sou fason pou aplike, ale sou [Three Ways to Register for FEMA Disaster Assistance - YouTube](#).



FEMA

Page 1 of 1